

FÒM DEMANN ENSKRIPSYON ENDIVIDYÈL POU ENSKRI NAN YON PLAN MEDICARE ADVANTAGE (PATI C) OSWA PLAN MEDIKAMAN SOU PRESKRIPSYON MEDICARE (PATI D)

Kimoun ki kapab itilize fòm sa a?

Moun ki gen Medicare epi ki vle antre nan yon Plan Medicare Advantage oswa Plan Medikaman Preskripsyon Medicare.

Kondisyon pou w antre nan yon plan:

- Fòk ou se yon sitwayen Ameriken oswa ou se yon moun ki legal Ozetazini
- Fòk w ap viv nan zòn kote plan an bay sèvis la

Enpòtan: Pou w antre nan yon Plan Medicare Advantage, ou dwe genyen alafwa:

- Medicare Pati A (Asirans Lopital)
- Medicare Pati B (Asirans Medikal)

Enpòtan: Pou w antre nan yon Plan Medikaman Preskripsyon Medicare, ou dwe genyen tou youn oswa lòt, osnon toude:

- Medicare Pati A (Asirans Lopital)
- Medicare Pati B (Asirans Medikal)

Kilè pou mwen itilize fòm sa a?

Ou kapab antre nan yon plan:

- Ant 15 oktòb ak 7 desanm chak ane (pou pwoteksyon apati 1ye janvyè)
- Nan 3 mwa lè w fenk genyen Medicare
- Nan kèk sitiyasyon kote yo kite w antre oswa chanje plan

Ale sou Medicare.gov pou w jwenn plis enfòmasyon pou konnen kilè ou kapab enskri nan yon plan.

Kisa mwen bezwen pou mwen ranpli fòm sa a?

- Nimewo Medicare w la (nimewo ki sou kat Medicare wouj, blan e ble ou genyen an)
- Adrès ak nimewo telefòn pèmanan ou genyen an

Remak: Fòk ou ranpli tout pati ki nan Seksyon 1 an. Pati ki nan seksyon 2 yo pa obligatwa — yo p ap refize ba w pwoteksyon si ou pa ranpli yo.

Rapèl:

- Si w vle antre nan yon plan pandan peryòd enskripsyon lib sezon otòn nan (ant 15 oktòb ak 7 desanm), fòk plan an genyen fòm ou ranpli a anvan 7 desanm.
- Plan w lan ap voye yon fakti ba ou pou prim li an. Ou kapab chwazi enskri pou fè yo pran kòb prim nan sou kont labank ou oswa nan avantaj Sekirite Sosyal (oswa Komisyon Retrèt Chemennfè) ou resevwa chak mwa a.

Kisa k ap pase apres a?

Voye fòm ou ranpli epi siyen an nan adrès sa a:
VillageCareMAX
120 Broadway Suite 2840
New York NY 10271

Depi yo fin trete demann ou an, y ap kontakte w.

Kijan pou m jwenn èd pou m ranpli fòm sa a?

Rele VillageCareMAX nan 1-855-296-8800. Itilizatè (Teletypewriter, TTY) yo kapab rele 711.

Oswa, rele Medicare nan 1-800-633-4227. Itilizatè Télétayp TTY yo kapab rele nan 1-877-486-2048.

En español: Llame a VillageCareMAX al 1-855-296-8800/711 o a Medicare gratis al 1-800-633-4227 y oprima el 8 para asistencia en español y un representante estará disponible para asistirle.

Moun ki sanzabri yo

- Si w vle antre nan yon plan men ou pa gen adrès pèmanan, ou ka konsidere yon Bwat Postal, adrès yon chèltè oswa yon klinik, adrès kote pou w resevwa kourye (pa egzanz, chèk sekirite sosyal) tankou adrès kay pèmanan ou.

Selon Lwa ane 1995 sou Rediksyon Fòmalitye Administratif la, okenn moun pa oblije aksepte bay enfòmasyon, sof si fòm nan genyen yon nimewo kontwòl OMB ki valid ladan l. Nimewo kontwòl OMB ki valid pou fòm sa a se 0938-1378. Selon estimasyon nou, w ap pran an mwayèn 20 minit pou chak repons, sa gen ladan tan pou w li enstriksyon yo, chèche done yo, rasanble done ou bezwen yo, epi bay enfòmasyon yo epi revize yo. Si w gen nenpòt kòmantè konsènan presizyon ki gen nan estimasyon tan an oswa si w gen sijesyon pou ede nou amelyore fòm sa a, tanpri ekri nou nan: CMS, 7500 Security Boulevard, Attn: PRA Reports Clearance Officer, Mail Stop C4-26-05, Baltimore, Maryland 21244-1850.

ENPÒTAN

Pa voye fòm sa a ni dokiman ki gen enfòmasyon pèsonèl ou yo (tankou reklamasyon, peman, dosye medikal, elatriye) bay Biwo Egzamen ak Apwobasyon Rapò PRA a (PRA Reports Clearance Office). N ap detwi nenpòt dokiman nou resevwa ki pa gen objektif amelyore fòm sa a ni rann li pi fasil pou w ranpli (jan sa eksplike nan OMB 0938-1378). Nou p ap konsève l, revize l, ni voye l bay plan an. Gade ribrik "Sa k ap pase apre?" a nan paj sa a pou w ka voye fòm ou ranpli a bay plan an.

Seksyon 1 – Fòk ou ranpli tout kote nan paj sa a (sof si gen kote ki di li pa obligatwa)

Chwazi plan w vle antre ladan an:

☐ VillageCareMAX Medicare Health Advantage Plan (HMO D-SNP): \$0 – \$58.80 pa mwa

☐ VillageCareMAX Medicare Total Advantage Plan (HMO D-SNP): \$0 – \$58.80 pa mwa

☐ VillageCareMAX Medicare Select Advantage Plan (HMO): \$0 – \$58.80 pa mwa

Non: _____ Siyati: _____ [Pa Obligatwa: Inisyal Dezyèm Non]: _____

Dat nesans: (MWA/JOU/ANE)

(____ / ____ / ____)

Sèks:

☐ Gason ☐ Fi

Nimewo telefòn:

(_____)

Adrès minisipal kay pèmanan (Pa mete yon Bwat Postal. Remak: Pou moun k ap fè eksperyans san kay, yo ka konsidere yon bwat postal kòm adrès pèmanan ou.

Vil: _____ [Pa obligatwa: Konte]: _____ Eta: _____ Kòd Postal: _____

Adrès postal, si l pa menm ak adrès pèmanan ou (ou ka mete Bwat Postal):

Adrès minisipal: _____ Vil: _____ Eta: _____ Kòd Postal: _____

Enfòmasyon Medicare ou yo:

Nimewo Medicare: ____ - ____ - ____

Reponn kesyon enpòtan sa yo:

Èske w ap gen lòt kouvèti pou medikaman preskripsyon (tankou VA, TRICARE) anplis VillageCareMAX?

☐ Wi ☐ Non

Non lòt kouvèti asirans lan: _____ Nimewo manm pou kouvèti asirans sa a: _____ Nimewo manm pou kouvèti asirans sa a: _____

Èske ou enskri nan Pwogram Medicaid ki nan Eta w la? ☐ Wi ☐ Non

Si se wi, tanpri bay nimewo Medicaid ou an: _____

- **VillageCareMAX Medicare Health Advantage Plan (HMO D-SNP):** Tanpri koche kaz la si sa nesesè ☐ Èske ou elijib pou benefisye asistans pou peye kotizasyon nan kad Medicaid Eta New York la?
- **VillageCareMAX Medicare Total Advantage Plan (HMO D-SNP):** Tanpri koche kaz la si sa nesesè ☐ Tanpri di si w reponn ak tout egzijans ki vini annapre yo: 1) Ou elijib pou pwoteksyon Medicaid konplè Eta New York la; 2) Ou genyen 18 lane oswa plis; epi 3) Ou elijib pou nivo swen nan mezon retrèt, epi ou bezwen Sèvis Swen Kominotè Alontèm pandan yon peryòd san rete ki plis pase 120 jou apati dat enskripsyon an kòmanse a, selon yon evalyasyon yon enfimyè diplome fè? 4) Nan bezwen pou Sèvis ak Sipò pou Swen alontèm ki baze nan kominote a (Community Based Long Term Services and Supports, CBLTSS) pandan plis pase 120 jou epi satisfè kondisyon minimòm yo jan sa a:
 - Omwen asistans limite pou depasman fizik nan plis pase de (2) aktivite nan lavi chak jou (Activities of Daily Living, ADL); oswa moun ki gen dyagnostik Demans oswa Maladi Alzaymè, omwen sipèvizyon pou plis pase yon aktivite nan lavi chak jou (ADL).

ENPÔTAN: Li epi siyen anba a:

- Fòk mwen konsève alafwa Lopital (Pati A) ak Medikal (Pati B) pou mwen rete nan VillageCareMAX.
- Lè mwen antre nan Medicare Advantage Plan, mwen rekonèt VillageCareMAX ap pataje enfòmasyon mwen yo avèk Medicare, ki ka itilize yo pou l suiv enskripsyon mwen an, pou l fè peman, epi pou lòt rezon lwa Federal otorize ki ba l dwa pou l ranmase enfòmasyon sa yo (gade Deklarasyon ki Gen pou Wè ak Lwa sou Pwoteksyon Vi Prive pi ba a). Ou pa oblije ranpli fòm sa a si w pa vle. Men, si w pa ranpli li, sa ka fè w pa enskri nan plan an.
- Mwen konnen mwen kapab enskri nan yon sèl plan MA oswa Pati D alafwa – epi enskripsyon mwen nan plan sa a ap tou anile enskripsyon mwen nan yon lòt plan MA oswa Pati D (gen eksepsyon pou plan MA PFFS ak MA MSA).
- Mwen konnen lè pwoteksyon VillageCareMAX mwen kòmanse, fòk mwen benefisye tout avantaj medikal ak avantaj medikaman preskripsyon mwen yo nan men VillageCareMAX. Avantaj ak sèvis VillageCareMAX bay epi ki nan dokiman «Prèv Pwoteksyon» VillageCareMAX mwen an (ki rele tou kontra manm oswa akò abone) ap garanti. Ni Medicare ni VillageCareMAX p ap peye pou avantaj oswa sèvis ki pa garanti.
- Enfòmasyon ki nan fòm enskripsyon sa a kòrèk selon tout sa mwen konnen. Mwen konnen si mwen fè ekspre mwen bay fo enfòmasyon nan fòm sa a, y ap retire mwen nan plan an.
- Mwen konnen lè mwen siyen (oswa lè moun ki gen otorizasyon legal la siyen pou l aji nan non mwen) nan aplikasyon sa a, sa vle di mwen te li epi mwen konprann sa ki ekri ak sa ki di ladan l. Si se yon reprezantan otorize ki siyen l (jan sa dekri pi wo a), siyati sa a vle di:
 - 1) Moun sa a gen otorizasyon lwa Eta pou li fè enskripsyon sa a, epi
 - 2) Dokiman ki bay otorite sa a disponib lè Medicare mande l.

Siyati:**Dat jodi a:****Si w se reprezantan ki otorize a, siyen anwo a epi ranpli pati sa yo:****Non konplè:****Adrès:****Nimewo telefòn:****Sa w ye pou moun ki enskri a:**

Seksyon 2 – Tout pati ki nan seksyon sa a pa obligatwa

Ou kapab chwazi reponn kesyon sa yo oswa pa reponn yo. Yo p ap refize ba w pwoteksyon si ou pa ranpli yo.

Chwazi youn si ou vle nou voye enfòmasyon ba ou nan yon lang ki pa Anglè.

☐ Panyòl ☐ Kreyòl Panyòl ☐ Chinwa ☐ Arab ☐ Koreyen ☐ Ris ☐ Italyen ☐ Fransè ☐ Kreyòl Fransè ☐ Yidich ☐ Polonè ☐ Tagalòg ☐ Bengali ☐ Albanè ☐ Grèk ☐ Oudou

Chwazi youn si ou vle nou voye enfòmasyon ba ou nan yon fòm ki aksesib.

☐ Bray ☐ Gwo karaktè ☐ CD Odyo ☐ CD Done

Tanpri kontakte VillageCareMAX nan 1-855-296-8800 si w bezwen enfòmasyon yo nan yon fòm aksesib ki pa fòm ki mansyone pi wo a. Biwo nou yo louvri soti 8è:00 nan maten pou rive 8è:00 nan aswè, 7 jou sou 7. Itilizatè TTY yo kapab rele 711.

Èske w ap travay? ☐ Wi ☐ Non Èske mari ouwa madanm ou ap travay? ☐ Wi ☐ Non

Endike Doktè Premye Swen (Primary Care Physician, PCP) ou, klinik ou, oswa sant sante w (VillageCareMAX ap ba w yon PCP si w pa chwazi youn):

Non konplè: _____

Adrès: _____

Telefòn: _____

NPI: _____

Èske w ap wè doktè sa a kounye a? ☐ Wi ☐ Non

Mwen vle jwenn dokiman ki vini annapre yo nan imèl. Chwazi youn oswa plis.

Enskripsyon Alavans Enskripsyon

☐ Rezime Avantaj yo

☐ Prèv Pwoteksyon

☐ Dokiman Nòm Klasman Medicare

☐ Pwofesyonèl Swen Sante ak Famasi

Repertwa

☐ Lis Plan Medicaid Advantage Plus (MAP) yo

☐ Lis Medikaman (Lis Medikaman ki Garanti)

☐ Gid Konsomatè pou Swen Alontèm

☐ Fòm Enskripsyon Medicare ki Ranpli

Adrès imèl: _____

Fason pou peye prim plan w yo

Ou kapab peye prim plan mansyèl ou an (san wete frè pou enskripsyon an reta ou genyen oswa ou ka genyen) pa mwayen “Transfè Fon Elektwonik” (Electronic Funds Transfer, EFT), “kat kredi” chak mwa. Epitou, ou kapab chwazi peye prim ou an lè w fè yo tou retire li sou avantaj Sekirite Sosyal oswa Komisyon Retrèt Chemennfè (Railroad Retirement Board, RRB) ou chak mwa.]

Tanpri chwazi yon opsyon pou peye prim ou an:

- ☐ Resevwa yon fakti. Ou kapab peye prim plan mansyèl ou an (san wete frè pou enskripsyon an reta ou genyen oswa ou ka genyen) pa lapòs chak mwa.
- ☐ Transfè Fon Elektwonik (EFT) apati kont labank ou chak mwa. Tanpri mete yon chèk ki make ANILE nan anvlòp la oswa bay enfòmasyon sa yo:
Non Bank lan: _____
Non konplè mèt kont lan: _____
Nimewo woutaj bank lan: _____ Nimewo kont bank lan: _____
Kalite kont lan: ☐ Chèk ☐ Epay
- ☐ Kat Kredi. Tanpri bay enfòmasyon sa yo:
Kalite Kat la: _____
Non konplè mèt kont lan jan l parèt sou kat la: _____
Nimewo kont lan: _____
Dat Ekspirasyon: ____/____/____ (Mwa/Ane)
CVV: _____
Adrès Faktirasyon: _____
Vil: _____
Eta: _____
Kòd Postal: _____
- ☐ Y ap tou pran li chak mwa nan avantaj Sekirite Sosyal ou yo
- ☐ Y ap tou pran li chak mwa nan avantaj Komisyon Retrèt Chemennfè (RRB) ou

Si w oblije peye yon Revni Ki Gen Rapò Ak Montan Ajisteman Chak Mwa Pati D (Part D-Income Related Monthly Adjustment Amount, Part D-IRMAA), ou dwe peye montan anplis sa a anplis prim plan w lan. An jeneral, yo pran montan an nan avantaj Sekirite Sosyal ou an oswa ou ka resevwa yon fakti Medicare (oswa RRB a). PA peye VillageCareMAX Part D-IRMAA.

Pou moun ki ede moun ki enskri a ranpli fòm sa a sèlman

Ranpli seksyon sa a si w se yon moun (sètadi, ajan, koutye, konseye SHIP, fanmi, oswa lòt antite) ki ede yon moun ki enskri ranpli fòm sa a.

Non konplè: _____ Sa w ye pou moun ki enskri a: _____
Siyati: _____ Nimewo Pwodiktè Nasyonal (Ajan/Koutye sèlman): _____

Se Sèlman Anplwaye Biwo A Ki Dwe Ekri La:

Non konplè manm pèsònèl la/ajan an/koutye a (si l ede fè enskripsyon an): _____

Dat manm pèsònèl la/ajan an/koutye a resevwa aplikasyon an: _____

Kontra H2168/Nimewo Idantifikasyon Plan an: _____

Dat Pwoteksyon an Kòmanse: _____

ICEP/IEP: _____ AEP: _____ MA OEP: _____ SEP (kalite): _____ OEPI: _____

Pa Elijib: _____

DEKLARASYON KI GEN POU WÈ AK LWA SOU PWOTEKSYON VI PRIVE

Sant pou Sevis Medicare ak Medicaid (Medicare & Medicaid Services, CMS) ranmase enfòmasyon ki soti nan plan Medicare yo pou l suiv enskripsyon benefisyè yo nan Plan Medicare Advantage (MA) yo, amelyore swen, epi pou peye avantaj Medicare yo. Seksyon 1851 nan Lwa sou Sekirite Sosyal la epi 42 CFR §§ 422.50, 422.60 bay otorizasyon pou ranmase enfòmasyon sa yo. CMS ka itilize, pibliye ak boukante done enskripsyon benefisyè Medicare yo jan yo prezise sa nan dokiman ki gen pou tit System of Records Notice (SORN) “Medicare Advantage Prescription Drug (MARx)”, Nimewo Sistèm 09-70-0588. Ou pa oblije ranpli fòm sa a si w pa vle. Men, si w pa ranpli li, sa ka fè w pa enskri nan plan an.